


EPIZÒD : KALANDRIYE

MO JODI A : KALANDRIYE

REZIME EPIZÒD LA



Lili ak Tilou ap desine kalandriye pou 12 mwa nan ane a: Janvye, Fevriye, Mas, Avril, Me, Jen, Jiyè, Dawout, Septanm, Oktòb, Novanm ak Desanm. Chak mwa sou yon bò fèy blanch.



Maryo ap rakonte jan li byen kontwolè lè pou li pa anreta, lè l ap prepare l pou ale lekòl.

POZE TIMOUN OU YO KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa ou te pi renmen ?
3. Eske li enpòtan pou w kontwolè lè ? Pou ki sa ?
4. Eske ou an reta deja nan yon aktivite ou te gen pou patisipe ? Ki jan sa te pase ?

FÈ AKTIVITE AK TIMOUN YO

1. Jwèt sou mwa

Objektif : Timoun nan ap bay enfòmasyon sou mwa yo pandan l ap jwe.

Materyèl : Yon ti bwat ki gen chak mwa yo ekri nan yon ti moso papye

Dire : 20-30 minit

Etap 1 : Divize klas la an 2 gwoup.

Etap 2 : Chwazi yon ti papye nan bwat la.

Etap 3 : Di non mwa a.

Etap 4 : Poze kesyon sou mwa a.

Men kèk lide: Konbyen jou mwa a genyen ? Di non yon fèt ki genyen nan mwa a ? Kòman tanperati a ye nan mwa sa a ?

Enpòtan : Gwoup yo ap make pwèn pou chak bon repons yo bay.



2. Fabrike kalandriye

Objektif : Timoun nan ap kapab fè kalandriye pou mwa yo ye a.

Materyèl : Imaj kalandriye, papye blanch, kreyon, segman videyo-mizik

Dire : 20-30 minit

Etap 1 : Pase segman videyo-mizik pou timoun yo.

Etap 2 : Mete imaj kalandriye pou yon mwa sou tablo a pou timoun yo.

Etap 3 : Bay chak timoun on papye blan.

Etap 4 : Mande yo ekri non yo sou fèy la.

Etap 5 : Mande timoun yo idantifye mwa yo ye a ak konbyen jou li gen ladan l.

Etap 6 : Mande yo desinen yon kalandriye pou mwa a. Asire w yo fè 7 kolòn pou 7 jou, ak 5 ranje pou dat yo.

Etap 7 : Ede timoun yo ajoute yon liy pou non jou yo.

Etap 8 : Bay timoun yo premye jou pou mwa pou yo ka ekri 1 sou li. Mande timoun yo ekri rès chif yo rive sou 28/29/30/31 selon mwa a.

Etap 9 : Mande timoun yo mete yon kwa sou dat jodi a.

Etap 10 : Si mwa a gen jou konje, mande yo antoure li/yo.

3. Revèy

Objektif : Timoun nan ap kapab idantifye lè nan yon revèy

Materyèl : Imaj yon revèy ki gen 4 nan 12 chif yo ak tout ti pwèn pou minit yo (Yon wonn ki gen chif 12, 3, 6, 9)

Dire : 20-30 minit

Etap 1 : Bay chak timoun yon fèy papye. Mete yon imaj revèy ki manke chif sou tablo a epi mande yo desinen youn konsa tou).

Etap 2 : Ede timoun yo idantifye zegui pou lè (pi kout), minit (pi long) ak segonn.

Etap 3 : Mande timoun yo mete zegui nan revèy yo a tou. Chak zegui ap sou yon chif.

Etap 4 : Ede timoun yo idantifye jan pou yo bay lè. (Pou gran timoun, ou ka itilize ekspresyon $\frac{1}{4}$, $\frac{1}{2}$ ak $\frac{3}{4}$.)

Etap 5 : Mande timoun yo ki lè yo genyen nan revèy yo a.